



PENILAIAN TENGAH SEMESTER GANJIL
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2021 / 2022

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : 6 (Enam)

Hari / Tanggal : Kamis, 14 Oktober 2021
Waktu : 30 Menit

I. Tulisen salah siji jawaban a,b,c,utawa d sing ko anggep paling benar ing wadiah sing wes disediakake!

Pasar Kaperang

Yen saiki rega beras bisa kasebut "sragam sacara nasional, dhek jaman kolonial biyen ora mangkono kahanane Van Gelderen nyebut rega beras sing beda-beda antarane dhaerah siji lan siji ne iku minangka pasar kaperang (Edgbert de Fries, 1937) Tuladane mangkene, dhek taun 1861 antarane Semarang lan Priangan regane beras ora padha ing Semarang saben sapikul (62 kg) pangaji 18 golden nganti 20 golden, dene ing Priangan regane kacek 1,50 golden Nalika ana paceklik dawa taun ing tanah Jawa 1901, rega beras saben sapikul 7.80 golden ing Kedu dene ing Banten 4,80 golden Mula, ing jaman biyen wong mung bisa nandhingake rereganing gudhang-gudhang pelabuhan Rega sing beda beda antarane dhaerah siji lan syine kegawa saka angele sarana angkutan wektu iku. Semono uga, panen sing gagal ing sawijining dhaerah uga gedhe banget panganibawane marang bedane reregan kasebut ing sauntara dhaerah, jalaran angkutan sing rekasa, panen sing malimpah-limpah bisa marakake rega anjlog utawa dadi murah banget, suwalike pisan-pindho panen gagal ndadekake rega mundhak ora salumrahe Rega dhuwur utawa murah ing lingkungan ekonomi sing cilik amung bisa dikawekani kanthi nikelake panandure pari utawa ngendhegake garapan anyar.

Rega pangan dadi pratandha maju mundure ekonomi sawenehing negara Yen ing sawijining negara tega pangan stabil lan masyarakate bisa tuku kanthi rega sing terjangkau iku bisa dadi titikan yen negara mau bisa nyembadani rakyat Nanging yen reregan pangan tansah mundhak lan arang mudhune, negara iku biasane lagi ngadhepi prakara ing babagan penyediaan bahan panga.

Mula biyen jaman kolonial Walanda pangan tansah dijaga regane yen mundhak diupayakake enggal bisa mudhun normal kaya wingi uni Yen nganti ora bisa ngawekan toh-tohane stabilitas masyarakat bisa horeg Yen nganti ngono tenan, ing saindengé Nusantara masyarakat bisa brontak ku tegese ragad ya nyawa ya bandha Gawat! Ngadhepi perang Jawa sing diadani dening Pangeran Diponegoro bae kobol-kobol, apa maneh bersatune bangsa Buktine, penjajahan ambrol tenan sawuse perjuangan bangsa bisa bebarengan ing jaman Perang Kemerdekaan

Dhanu Priyo Prabowo Jayabaya

1. Apa sing siarani pasar kaperang?
 - A. Reregan saben pasar ora ana bedane
 - B. Reregan beras antarane Semarang lan Priangan
 - C. Reregan sing beda-beda ing seje pasar
 - D. Reregan beras nalika wayah pacekli
2. Jaman biyen ing ngendi bisa bandhingake rega beras?
 - A. Ing gudhang beras Semarang
 - B. Ing gudhang-gudhang pelabuhan
 - C. Ing dhaerah Kedu lan Semarang
 - D. Ing dhaerah Banten lan Priangan
3. Apa sing gawe rega beras ing saben papan beda-beda ing jaman biyen?
 - A. Digawe dening Kolonial Walanda
 - B. Panenan beras sing malimpah-limpah
 - C. Tanah Jawa ngalami paceklik taun 1901
 - D. Sarana angkutan lan asile panen
4. Apa sing dadi pratandha maju mundure ekonomine negara manut wacan?
 - A. Reregan bahan pangan sing stabil
 - B. Bedane reregan pasar siji lan liyane
 - C. Regane bahan pangan terus mundhak
 - D. Pasediyan pangan sing cukup

5. Nyangapa dhek jaman Walanda regane pangan tansah dijaga?
 - A. Supaya stabilitas masyarakat tansah mundur
 - B. Supaya masyarakat Nusantara ora brontak
 - C. Supaya regane pangan ora munggah.mudhun
 - D. Supaya Walanda ora ngetokake wragat akeh
6. Salah siji cirine teks informasi yakuwi
 - A. ngandhani sing maca
 - B. nyritakake panggonan
 - C. kanyatan sabenera
 - D. kanyatan sing digawe
7. Wacan iki sing klebu teks informasi yakuwi
 - A. buku pelajaran, iklan, pengumuman
 - B. buku pelajaran, kamus, crita rakyat
 - C. dongeng, iklan, pengumuman
 - D. buku pelajaran, dongeng, crita rakyat
8. Ukara iki sing klebu pariwisata yaiku
 - A. Wis ditemokake dhompot isi dhuwit, SIM, lan STNK.
 - B. Regane mung satus ewu rupiah, barange dijamin kualitas.
 - C. Sugeng enjing para rawuh wonten gedhung sekolah mriki.
 - D. Sampule buku rupane biru gambargarudha, isine 120 lembar.
9. Pengin entuk informasi kedadean sing aktual, kudune golek teks sing wujud
 - A. iklan
 - B. pawarta koran
 - C. pariwisata sekolah
 - D. artikel
10. Pariwisata: Para warga Dhusun Bulaksawah, mbesuk dina Minggu tanggal 20 September 2018 kabeh kumpul ing bale dhusun kanggo nonton pentas seni remaja dhusun. Sing sapa ora nonton bakal getun! Saka pariwisata kasebut bisa entuk informasi
 - A. Warga dhusun Bulaksawah.
 - B. Dina Minggu tanggal 20 September 2018.
 - C. Ing bale dhusun bakal ana pentas seni.
 - D. Sing noton bakal getun.
11. Lara demam berdarah bisa gampang nular. Jalaran penyakit iki sing nyebarake nyamuk. Jenenge nyamuk aides aegypti. Wong lara iki yen dicokot nyamuk, nyamuke nyokot wong liya, wong liya bisa ketularan. Mulane lingkungan kudu tansah resik, supaya ora kanggo nyusuh nyamuk.

Teks iki bisa diarani

 - A. deskripsi
 - B. pengumuman
 - C. iklan
 - D. artikel

12. Kanggo njaga supaya sumber banyu panggah bisa mili ing mangsa ketiga. Kudune njaga lingkungan kanthi.
- lingkungan digawe sawah sing jembar
 - lingkungan digawe perumahan sing akeh
 - lingkungan ditanduri wit-witan gedhe
 - lingkungan diresiki banjur ditanduri suket
13. Bhinneka Tunggal Ika dadi sesantane bangsa Indonesia, jalaran kanggo.
- maneka warna suku saindengé Indonesia
 - manunggale maneka wernane bangsa Indonesia
 - ngrukunake bangsa Indonesia sing maneka warna
 - mengerteni manawa ing Indonesia akeh suku
14. Guna kaya purun ingkang den antebi
- Cuplikan tembang ing dhuwur guru wilangan lan guru lagune
- 9u
 - 100
 - 11a
 - 12i
15. Tembang sing watake cocok kanggo katresnane ibu menyang anak, yaiku tembang.
- Maskumambang
 - Kinanthi
 - Megatruh
 - Sinom
16. Tembang sing kedadeyan saka 7 gatra : 8a, 8a, 8e, 8a, 7a, 8u, 8a diarani tembang.
- Kinanthi
 - Gambuh
 - Asmaradana
 - Pocung
- 17 Tembang Pangkur kedadean saka.....
- 7 gatra : 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
 - 7 gatra : 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7a
 - 7 gatra : 8a, 8a, 8e, 8a, 7a, 8u, 8a
 - 6 gatra : 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i

Teks ing ngisor iki kanggo nomer 18, 19, 20.

Anoman malumpat sampun Prapteng witing nagasari

Mulat mangandhap katingal

Wanodya yu kuru aking

Gelung rusak wor lan kisma Kang iga-iga kaeksi

18. Tembang iki jenenge tembang ...

- A. Mijil
- B. Kinanthi
- C. Megatruh
- D. Sinom

19. Sasmitane tembang dumunung ing tembung ...

- A. Anoman
- B. malumpat
- C. Prapteng
- D. Kaeksi

20. Mulat mangandhap katingal, tegese ...

- A. madhep mandhuwur wis katon
- B. madhep mangisor banjur katon
- C. ngawasi kiwa tengen banjur katon
- D. ngongak mangisor bola-bali

Teks kanggo nomer 21, 22, 23.

Sampun mijil sang pratanggapati

Kawuryan mencorong

Amadhangi jagad saisine

Mangkana hembeging narapati

Mring pepadhang yekti

21. Tembang iki jenenge tembang....

- A. Mijil
- B. Kinanthi
- C. Megatruh
- D. Sinom

22. Sasmitane tembang dumunung ing tembung ...

- A. sampun
- B. ijil
- C. lawuryan
- D. pratanggapti

23. Mring pepadhang yekti, tegese...

- A. Marang pepedhange jagad
- B. Maringi sunar marang jagad
- C. Temen-temen menehi pepadhang
- D. Temenan madhangi jagad

Wacan iki kanggo nomer 24, 25, 26, lan 27

Taksi Tenaga Srengenge

Patemon Lingkungan Hidup sadonya ing Hotel Nusa Dua Bali sawetara wektu kepungkur sing narik ati jalaran ditekani taksi nganggo tenaga srengenge Mobil iki ditumpaki saka Bandara Ngurah Rai nganti Hotel Nusa Dua. Sadalan-dafan dadi tontonane wong akeh Aja maneh mung wong biasa, delegasi saka sawetara Negara uga padha gumun weruh mobil kasebut. Malah ana kang njajal numpak ngubengi hotel

Solar Taxi (Taksi tenaga surya) iki karyane Louis Palmer Sawijining guru asal Negara Swis Mobil iki dadi punjering kawigaten delegasi patemon kasebut Jalaran kanthi langsung nuduhake kepriye carane manungsa uwal saka perkara pemanasan global sing bakal ngancam keslametane manungsa .

Miturut Louis, mobil iki salah sijine cara kanggo ngurangi gas emisi kanthi migunakake sarana transportasi sing ramah lingkungan Solar taxi iki migunakake bahan bakar tenaga srengenge, saengga ora ngasilake gas emisiarupa karbondioksida kaya mobil, sepedha motor, kapal mabur, kreta lan kapal. Kendharaan sing saiki laju isih gumantung bahan baker minyak (BBM) sing ngetokake karbondioksida

Solar taxi didesain kanthi rodha telu diklompiti trailer mini rodha loro Trailer iki kanggo nganggo ngakut panel solar cell ukuran enem meter persegi Panel iki gunane kanggo nglumpukake panase srengenge. Sawise ngumpul, energi srengenge diowah dadi energi listrik sing banjur disimpen ing baterei. Lumayan, energi kuwi bisa kanggo mlaku udhakara 100 kilometer Manawa mlaku luwih 100 kilometer banjur energine entek bisa nganggo baterei cadhangan. Playune mobil paling banter 90 km/jam

Kapethuk saka Joyd Baya Nomor 22, Minggu IV Januar 2008

24. Saka ngendi nganti ngend mobil tenaga surya ditumpaki?

- A. Bandara Ngurah Rai nganti Bali
- B. Bandara Ngurah Rai nganti Hotel Nusa Dua
- C. Hotel Nusa Dua menyang Bandara Ngurah Rai
- D. Ngubengi hotel Nusa Dua Bali

25. Louis Palmer sing gawe mobil iki asale ngendi?

- A. Bali
- B. Swis
- C. Nusa Dua
- D. Ngurah Rai

26. Solar taxi dicipta kanggo tujuan apa?

Wangsulan sing luput yaiku

- A. uwal saka pemanasan global
- B. ngurangi gas emisi
- C transportasi ramah lingkungan
- D. kanggo nambah karbon dioksida

27. Apa arane piranti sing kanggo nglumpukake sunare srengenge?

- A. trailer mini rodha loro
- B. panel solar cell
- C. baterei tenaga listrik
- D. baterei cadhangan

28. Ngandharake kedadean sabenera, iki salah sijine ciri ...

- A. teks fiksi
- B. teks peruasif

C teks informasi

D. teks narasi

29. Wacan iki sing kudu teks informasi, yaiku...

A. iklan, dongeng crita cekak

B. deskripsi iklan, pariwisata

C. pawarta, pariwisata, dongen

D. pariwisata, dongeng crita rakyat

30. Herbalis diramu saka gegodhongan sing akeh kasiate Diolah kanthi cara modern lan bisa ngobati sakehing penyakit kaya sirah mumet weteng mules, keju linu Herbalis bisa dipesen liwat online kanthi rega Rp500.000.00

Teks iki klebu

A. iklan

B. pawarta koran

C deskripsi

D.artikel

31. Pariwisata: Kabeh warga Desa Banyubiru mbesuk dina Selasa, 12 Mei 2019 wajib padha nggunakake hak pilih. Pilihan kepala desa sing dileksanakake ing balai desa wiwit jam 08.00 nganti rampung. Saka pariwisata kasebut bisa entuk informasi

A. warga Desa Banyubiru mbesuk dina Selasa

B. pilihan kepala desa, Selasa, 12 Mei 2019

C. wajib nggunakake hak pilih

D. wiwit jam 08.00 nganti rampung

32. Sing klebu perangane teks iklan, yaiku

A. Bakal dileksanakake saben dina Sabtu.

B. Regane murah nanging piguna kanggo kesehatan.

C. Yen mateng rupane lan yen dipiket empuk.

D. Yen dietung ana lima, nanging jarene ana enem.

33. Kanggo njaga supaya sumber banyu panggah bisa mili ing mangsa ketiga. Kudune njaga lingkungan kanthi

A. lingkungan digawe sawah sing jembar

B. digawe perumahan lingkungan sing akeh

C. lingkungan ditanduri wit-witan gedhe

D. lingkungan diresiki banjur ditanduri suket

34. Tembang macapat iku cacahé ana ...

A. 10

B. 11

C. 15

D. 8

35. Tembang macapat uga diarani tembang ...
- A. Tembang tengahan
 - B. Tembang cilik
 - C. Tembang dolanan
 - D. Tembang gedhe
36. Cacahing larik saben sapada diarani ...
- A. guru lagu
 - B. guru wilangan
 - C. guru gatra
 - D. guru swara
37. Guru gaatrane tembang pocung ana ...
- A. 3
 - B. 2
 - C. 5
 - D. 4
38. Guru wilangan yaiku ...
- A. cacahing wanda saben sak gatra
 - B. cacahing gatra saben sapada
 - C. cacahing pada saben salagu
 - D. cacahing tembung saben salagu
39. Candra tuku batu ing warung . Ukara ing sisih jejere yaiku ...
- A. tuku
 - B. Candra
 - C. ing warung
 - D. batu
40. Ukara ing soal no 39 wasesane yaiku ...
- A. tuku batu
 - B. Candra
 - C. ing warung
 - D. batu

41.



Ukara nganggo aksara jawa ing duwur iku unine ...

- A. Jana tuku bandeng ing pasar
- B. Jaka tuku bandeng ing pasar

- C. Jaka jajan bandeng saka pasar
- D. Jaka tuku sepatu anyar
42.  ukara nganggo aksara jawa ing duwur unine ...
- A. bekti waluyo
- B. becik ketitik olo ketoro
- C. becike ojo ketoro
- D. becike ojo digawe ketoro
43.  ukara nganggo aksara jawa ing sisih unine ...
- A. Pahri grumuk-grumuk
- B. Pahri guyumu
- C. Pahri guya guyu
- D. Pahri tuku mundu
44. Kembang jambe arane ...
- A. menik
- B. dlongop
- C. angkup
- D. mayang
45. unen-unen kang ajeg panganggone lan duweni arti wantah jenenge ...
- A. paribasan
- B. cangkriman
- C. geguritan
- D. sanepa
46. Pendhawa iku anake ...
- A. Dewi madrim
- B. Dewi Larasati
- C. Dewi Kunthi lan Dewi Madrim
- D. Dewi Kuncari
47. Pembarepe Pendhawa yaiku ...
- A. Yudistira
- B. Werkudara
- C. Janaka
- D. Nakula, Sadewa
48. Bapake Pandhawa asmane ...
- A. Bimasena
- B. Puntadewa
- C. Pandhu Dewanata
- D. Semar

49. Bapak lungguh ing teras karo moco koran .Basa krama inggile ukara ing sisih yaiku ...

- A. Bapak lenggah teras karo moco koran
- B. Bapak lenggah wonten teras kalia maos koran
- C. Bapak lungguh wonten teras kalih moco koran
- D. Bapak tindak teras kalih maos koran

50. Sapine ginuk-ginuk yen ditulis nganggo aksara jawa yaiku ...

- A. ꦭꦧꦶꦲꦶꦁꦠꦺꦫꦱꦏꦺꦴꦩꦺꦴꦕꦺꦴꦫꦤ
- B. ꦭꦧꦶꦲꦶꦁꦠꦺꦫꦱꦏꦺꦴꦩꦺꦴꦕꦺꦴꦫꦤ
- C. ꦭꦧꦶꦲꦶꦁꦠꦺꦫꦱꦏꦺꦴꦫꦤ
- D. ꦭꦧꦶꦲꦶꦁꦠꦺꦫꦱꦏꦺꦴꦫꦤ